

Bonjou ak tout fanmi Lee County yo. Non mwense Chuck Bradley. Mwense Direktè pou Prevansyon Pozitif pou Distri Lee County a mwen vle pale avèk nou jodia sou kèk resous nou mete a dispozisyon nou pandan peryòd de tan sa a ki rele fòmasyon a distans akòz epidemi COVID-19 nap fè fas avek li jounen jodia. Nan kad pwosesis aprantisaj distri nou an, elèv nou yo angaje yo chak jou nan yon pwogram aprantisaj sosyal ak emosyonèl. Pi fò nan aktivite sa yo ap dewoule de manyè enfòmèl, genyen ladan yo kap fèt nan espas timoun yo konn jwe, kafeterya ak sant medya yo. Pwogram fòmasyon sila a se li menm kap aprann elèv yon pakèt bon manyè kap montre yo kòman pou yo aji antre yo, avek granmoun kijan pou yo di **silvoulè, mèsì**, pou **aprann pataje, aprann kopere** tout kote yo pase. Nou mete an plas yon bann resous kap ede elèv yo aprann pandan yo lakay yo, anpil nan konpetans sa yo ap transmet dirèkteman bay elèv yo pa pwofesè yo atravè dives pwogram lekòl la mete kanpe. Sipo yo ba ou yo se pou ou ka kontinye travay avèk timoun yo pandan yo lakay la pandan nap swiv enstriksyon pwofesè yo.

Ki resous yo ye? Genyen yon dokiman de baz map montre ou nan yon minit ki genyen yon pakèt lot lyen entènèt ki debouche sou yon pakèt lot resous kap ede ou kenbe nòm ak estanda aprantisaj emosyonèl ak sosyal yo. Nou bay Distri nou an estanda sa yo pou nou ka ede ou gen konfyans nan tèt ou, jere pwòp tèt ou, fè sansiblizasyon sosyal ak tout lot konpetans ou genyen. Nou repati resous sa yo an divès kategori ki adapte ak laj yo e kap fasil tou pou nou jwenn yo.

Nou ajoute yon lòt seksyon ladan li pou paran yo kapab itilize li ak pwòp fanmi yo, w ap jwenn anpil lot eksplikasyon/lide ak sipò kap fasilite ou fè yon bon itilizasyon de li. Nou bay anpil lòt resous adisyonèl ak yon pi laj apwòch ki plen jwèt kap permit nou aprann pi vit san konte yon pwogram konplè youn nan founisè nou yo te ban nou ki disponib espesyalman pou timoun ki nan nivo High School yo oubyen Middle School. Tout sipo sa yo disponib nan dokiman an. Nan resous sa yo wap jwenn paj web/entènèt pou nou ka chèche ide oswa èd, dokiman ou ka telechaje tankou planifikasyon jounalye pou elèv, lyen videyo ak chante kap ede nou mete anfas sou kèk konsèp patikilye, n ap ankouraje nou itilize yo.

Kidonk, pou ou ka gen aksè ak resous sa yo, nou ankouraje ou ale sou [leeschools.net](https://www.lee.k12.va.us/leeschools.net) e klike sou lyen kap montre ou kap parèt sou foma pop-up ki adwat paj web-entènèt prensipal la ki rele **Distance Learning for students and families/ Fòmasyon a distans pou elèv ak fanmi**. Le ou klike sou lyen an, w ap gade anba w ap jwenn yon sou yon bouton resous la ki make **Family Distance Learning Resources/**.

Ti dokiman sa genyen ladan li alafwa resous aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki sanble ak graf ki sou yon dyapozitif. Wap jwenn tou lòt lyen adisyonèl nan lot resous mwen mansyone yo. Kijan nou ka itilize resous aprantisaj sosyal ak emosyonèl la ? Nou ankouraje ou kòmanse nan jou konje pandan wap itilize resous yo ak woutin matinal ou yo. Itilize woutin yo pandan tout jounen an men fòk ou kenbe youn woutin matinal. Nap wè nou ankouraje ou kòmanse chak jou ak resous nou rele « **leve e briye** », se jis yon ti tan wap pran pou wou verifye avek elèv ou yo, timoun ou yo pandan ou ap mande yo kòman yo santi yo jodia e ede yo kijan pou yo demare yon bon jounen. Nou ankouraje ou pou ou pale avek yo pandan nou ap manje nan maten (dejene) jis pou wou ka prepare timoun nan pou pase yon bon jounen ak prè pou li fè yon bon aprantisaj. Ou ka itilize sa tou tankou yon poz mantal menm jan nou itilize sa nan lekòl la. Souvan elèv yo konn fistre oubyen estrese lè yo ba yo devwa difisil alò sa yo se de bon zouti kap permit wap kapab itilize pandan li lap ekzekite yon tach difisil jis pou pèmèt elèv la respire. Pafwa yon elèv estrese pa yon tach, li preferab ou fè yon ti kanpe epi fè youn nan aktivite sa yo pou wou destrese elèv la. Lè ou santi w poukò w, estrese, anksye, se yon nouvo anviwònman pou anpil nan timoun nou yo. Nou vle asire nou ke yo santi nou sipòte yo, yo pral avek zanmi yo sa kap mete yo nan bon anviwònman kote yap gen tan ak opotinite pou yo ka pale de sa yo santi pandan yap angaje yo nan jan de aktivite sa yo pou yo kapab soti

nan sitiyasyon estresans a yap viv la. Objektif prensipal fòmasyon sosyal ak emosyonèl la se pou ogmante kapasite otonomi, responsablite ak koperasyon timoun yo. Se yon bon estrateji ak resous pou utilize pou mete aksan sou konpetans pèsonèl ki se youn nan bagay ki enpòtan pou moun fè siksè nan lavi.

Men kèk ide adisyonèl, se jis yon pakèt resous nap ankouraje ou sèvi avek yo men ou se premye pwofesè pitit ou a. Se poutèt sa nap ankouraje w sèvi ak pwòp entèlijans ou pou w anseye pitit ou sou bezwen sosyal ak emosyonèl li yo. Pale ak pitit ou sou sa yo santi ak emosyon li yo. Se bon e tanpri fè yo konnen li nòmal pou yo santi sou kontrent, gen lapèrèz nan tan sa a. Epi lè pale de sa nou epwouve, nou souvan santi nou pi byen e gen lòt moun ki santi menm bagay avek nou, donk sa kap fasilite nou bati koneksyon. Etenn televizyon kap bay nouvèl la. Si w ap itilize yon televizyon lakay ou sonje ke pitit ou ap koute tou e yo souvan bay anpil atansyon ak sa yo tandè. Olye ou fè sa, mete televizyon an sou kèk mizik enstriktif pito. Dèfwasoti deyò, fè yon ti mache ansanm, amize nou epi ri. E wi, sèvi ak entèlijans yo. Ou ka jwenn aksè **Mind Yeti** a sou YouTube. Li se yon gwo zouti kap aprann elèv nou yo kouman yo sèvi ak pwòp resous, fè fas ak estrès, kòman pou yo respire, panse, konsantre, rekonsantre, jere emosyon yo e raple a paran nou pran swen tèt yo. Sonje direksyon prepoze vòl yo, mete pwòp mask oksijèn avan, apres sa a pa elèv yo osinon pa pitit ou a. Nou bezwen pran swen tèt ou epi sonje paran yo pran swen tèt ou.

Nou pral sipòte nou pandan tout jounen sa a. Nou gen yon gwo ekip nan Distri a ki la pou sipòte nou travay fòmasyon sosyal ak emosyonèl la. Madam Lori Brooks, Madam Shellie Taylor, Madam Tammy Scott, Madam Mari Lynn Rodriguez, Madam Sherry Wenzel, ak mwen menm, nap toujou kenbe kontak pou nou ede ou rete konsantre pou edikasyon timoun yo. Mèsi!